



bokk na ci li fi nit ñi fekk ci waxi Yonnente ya jiitu: boo amul looy rus defal lu la neex

Jële nañu ci Abuu Mashuud Uqbata ibn Amr Al-Absarii Al-Badrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi nee na: «bokk na ci li fi nit ñi fekk ci waxi Yonnente ya jiitu: boo amul looy rus defal lu la neex».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne bokk na ci ndénkaane yi ñëw jóge ca Yonnente yu njëkk ya, nit ñi di ko jokkalante ci seen diggante di ko donnante ci ñoom ay xarnu ba mu egg ci ñi jiitu ci xeet wii, xoolal li nga bëgg a def, bu dee dafa bokk ci li ñu dul am kersa kon def ko, waaye bu bokkee ci yi ñuy am kersa kon bàyyi ko; ndax teree def ñaawteef yi mooy kersa, ku amul kersa, day nuur ci ñaawteef yi ak yu bon yi.

<https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/66523>

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

